# आकाशवाणी, गोरखपुर

दिनांक–02 मार्च 2026 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेसवासियन के होलिका दहन क सुभकामना दिहले हवें। एगो रिपोर्ट–

*सोशल मीडिया पर अपने संदेश में मुख्यमंत्री कहा कि होलिका दहन अधर्म, अहंकार और अंधकार पर सत्य, सद्भाव और संस्कार की विजय का प्रतीक है। यह पर्व हमें नकारात्मकताओं को त्याग कर एक सशक्त और संस्कारित समाज के निर्माण की प्रेरणा प्रदान करता है। कल चन्द्रग्रहण होने के कारण होलिका दहन आज ही हो रहा है। चन्द्रग्रहण के कारण प्रदेश भर के मंदिरों के द्वार कल बन्द रहेंगे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आज गोरखपुर के दौरे पर हैं। वह यहां एक होलिका दहन शोभायात्रा में शामिल हो रहे हैं। इस बीच, होली पर्व को लेकर पूरे प्रदेश में उत्साह का माहौल है। बाजारों में भी काफी रौनक देखी जा रही है। आज सुबह से ही बाजारों में खरीदारों की भारी भीड़ दिख रही है। लोग अपने परिजनों के साथ कपड़े, रंग, गुलाल, पिचकारी और मिठाइयां खरीद रहे हैं। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।*

**********

उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु वाराणसी में सरस मेला के समापन समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के समूह के महिला लोगिन से एक करोड़ महिलन के लखपति महिला क्लब में सामिल कइले क आवाहन कइलीं। कार्यक्रम में उहां के वाराणसी क दुइ गो बीमा सखी मीना देवी आ प्रतिभा देवी के सथहीं लखपति दीदी शर्मिला देवी अउर लक्ष्मी वर्मा के सम्मानित कइलीं। उप मुख्यमंत्री समूह के दुइ गो महिला के ई–रेक्सो दिहलें।

**********

केंद्र सरकार इस्राएल–अमरीका के ओरि से ईरान पर हमला के देखत देश में सम्भावित हिंसा के ले के राज्यन के चेतावनी जारी कइले हौ। सूत्रन के मोताबिक गृह मंत्रालय सज्जो राज्यन आ केन्द्रसासित प्रदेसन के चिट्ठी लिखि के भड़काऊ भासण देवे वाले ईरान समर्थक कट्टरपंथी उपदेसकन क पहिचान करे के कहले बा। चिट्ठी में कानून व्यवस्था बिगड़ले से बचे खातिर खुफिया जनकारी साझा कइले आ कार्रवाई के तेज कइले के जरूरति पर जोर दीहल गइल बा।

येह बिच्चे, एयर इंडिया पश्चिमी एशिया में मौजूदा हालति के देखत जतरा परामर्स जारी कइले हौ। एयरलाइन के परामर्स में कहल गइल बा कि संयुक्त अरब अमीरात, सऊदी अरब, इस्राएल आ कतर से आवे–जाये वाली सज्जो उड़ान अजुओ स्थगित रही। एयरलाइन कहले हवे कि ऊ हालति पर लगतारे नजरि रखि रहल हौ।

इस्राएल–ईरान संघर्स के नाते फंसल भारतीय नागरिकन के मुद्दा पर केन्द्रीय मंत्री किरेन रिजिजू कहले हवें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सरकार उनकरे बचाव आ सुरक्षित वापसी सुनिश्चित करे बदे तत्परता से कार कइ रहलि हौ।

*विदेश में जो हमारे भारतीय लोगों का समस्या जैसे होती है उनको लाने में और संभालने में प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्व में जो आज तक होते आए हैं, कभी भी पहले ऐसे कोई सरकार नहीं करती थी। इतना व्यापक सहायता करते हैं। विदेश मंत्रालय के अपने–अपने मिशन्स होते हैं, हर देश में, उन मिशन्स के माध्यम से भारतीय लोगों को मदद करते हैं हमेशा।*

**********

बिदेस मंत्रालय भारत में रहि रहल अइसन सज्जो बिदेसी नागरिकन बदे परामर्स जारी कइले हौ जे आपन वीजा बढ़ावल चाहत हवें चाहे अपने ठहराव के नियमित कइल चाहत हवें। मंत्रालय कहले हवे कि अइसन नागरिकन के नगिच्चे के बिदेसी क्षेत्रीय पंजीकरण कार्यालय से सम्पर्क करे के चाही। एगो रिपोर्ट–

*भारत ने पश्चिम एशिया में अपने नागरिकों के लिए अलग से यात्रा और सुरक्षा परामर्श भी जारी किया है। तेल अवीव में भारतीय दूतावास ने भारतीय नागरिकों से अत्यधिक सावधानी बरतने, गैर–जरूरी यात्रा से बचने, निर्धारित आश्रय स्थलों के पास रहने और आधिकारिक दिशा–निर्देशों का पालन करने का आग्रह किया है। सहायता के लिए आपातकालीन हेल्पलाइन सक्रिय कर दी गई है। ईरान में भारतीय नागरिकों को अनावश्यक आवाजाही से बचने की सलाह दी गई है। संयुक्त अरब अमीरात, सऊदी अरब और जॉर्डन सहित खाड़ी देशों में राजनयिक मिशनों ने भी भारतीयों से सतर्क रहने और दूतावासों में पंजीकरण कराने का आह्वान किया है। समाचार कक्ष से, सरफिरोजी।*

**********

वाराणसी के सुजाबाद डोमरी में, काल्हि खाली एक घंटा में ओइजा क निवासी लोगि दुइ लाख एक्यावन हजार चारि सौ छियालीस पौधा लगा के चीन क आठ बरिस पुरान रेकार्ड तूरि दिहलें। येह मौका पर गिनीज बुक ऑफ वर्ल्ड रिकॉर्ड के ओर से जज ऋषिनाथ मेयर आ नगर निगम आयुक्त के प्रमाण–पत्र दीहलें।

**********

मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में आवे वाला चारि मार्च ले ओहीं पच्छिमी उत्तर प्रदेस में पांच मार्च ले तेज सतही बेयारि चलले क सम्भावना जतवले हौ। विभाग के मोताबिक येह दौरान मौसम सुस्क रही। मौसम विभाग कहले हवे कि अगिला तीनि दिन के दौरान प्रदेस के अधिकतम आ न्यूनतम तापमान में कउनों बड़हन बदलाव नाही होई।

**********